

NDI
NATIONAL
DEMOCRATIC
INSTITUTE
FOR INTERNATIONAL AFFAIRS

Pwogram
Fowòm Sivik
Ayiti

USAID
National Democratic Institute

Democrasi = Patisipasyon
Tolerans
Transparans

Pwogram Fowòm Sivik Ayiti
Misyon Pwogram Sivik la

Fowòm sivik, se yon pwogram edikasyon sivik ki genyen kom oryantasyonoganize fo masyon sou prensip demokratik epi aksyon sivik.

Bi li, se mennen oganizasyon debaz peyi dayiti yo patisipe total kapital nan lavi politik peyi yo nan envite yo laji konesans yo sou dwa yo ak responsablite yo kom sitwayen e sou sistem politik peyi dayiti. Denye bagay pwogram edikasyon sivik la bay oganizasyon yo, se zouti yo bezwen ki kapab pemet yo jwe yon wol aktif nan pwosesis dev lopman peyi a.



Kijao pwogram fowom sivik la estriktire

Fowom sivik yo se seyans fOstasyon kote yo bay kek kou espesyal e kote yo ankouraje diskisyon sou sije ki gen pou we ak demokrasi. Seyans yo fe t pou gwoup moun e an jeneral yo dire 2 zedtan, e se yon sel kou yo bay nan chak seyans. Se moderate ki anirne seyans sa yo. Moderate sa yo, ak bonjan teknik pou anirne gwoup,

ankouraje patisipan yo pale epi diskite. Nan seyans yo, yo montre gwoup yo teknik sou kijan pou yo plede, yo ankouraje yo mete kanpe

bonjan ka. Ipayaksyon sivik pou otorite lokal yo ansanm ak otorite ki Dan gouveman an.



Moderate yo, se "ke" pwogram nan menm yo ye. Moun sa yo ki se moun komin kote yap travay la, mache nan seksyon kominal yo pou fe prezantasyon yo Dan gwoupman debaz yo te deja idantifye. Kom yo ale nan lokalite ki lwen yo e yo pa fe pwopagann pou okenn pati politik pandan seyans yo, sa edeyo jwenn konfyans patisipan yo. Patisipan yo konsidere yo tankou moun ki fyab, moun yo ka fe

konfyans, ki se fasilite e kap pote yon solisyon a dives diflikite ki genyen nan lavi kominote yo.

Mak Fabrik Pwogram Fowom Sivik la

L is tit ki an apre a, se baz pwogram fowom sivik la e se li ki mak fabrik li:

Pwogram Dan enterese Dan ron ki andeyo

Pwogram Dan chwazi travay sitou nan zOn ki andeyo yo e li rive nan kominote yo neglije yo. Anpil Dan ron sa yo, se sou chwaI, sou do bourik oswa a pye ou ka rive Iadan yo. Moun kap viv Dan zOo sa yo di yo swaf demokrasi, se patisipan yo menm ki di sa. Seyans fowom sivik yo pole yon sour chanjman ki ede yo konprann pi byen wol yo ak responsablite yo kom sitwayen Dan yon paket dOmeD devlopman.

Pwogram vie tabU rapo ki djanm

Seyans fowom sivik yo pa fet yon grenn fwa. Yo fet pandan plizye kou ki og~ize regilyeman. Sa ede tabli pezape rapo ki djanm, ki dire, ant gwoupman yo ak moderate yo. Sa pemet pi byen mezire enpak pwogram nan.

Pwogram nan vie travay ak Oganizasyon debaz yo

O ganizasyon debaz yo se nanDan menm lavi nan

zon andeyo yo. Prezans moderate yo nan komin kote yo fe seyans yo pemet yo konprann pi byen reyalyte yo epi ankadre yo Dan dives demach pou devlopman kominote epi pou plede pou otorite lokal yo, ansanm ak otorite ki nan gouveman an.



Pwogram oan vie aji

Fowom sivik la se pa selman yon pwogram edikasyon sivik. Tout kou ki nan pwogram nan ankouraje patisipasyon ak aksyon sivik. Gwoup yo planifye epi vini ak pwoje pou kominote yo ak moderate yo ki sevi yo kom gid ak konseye.

Pwogram nan ap goumen

pou yon veritab netralite nan ideyoloji

Youn nan rezon sikse pwogram nan nan kominote kote lap travay yo, se tolerans li ede tabli ant gwoup moun ki pa gen menm ideyoloji e ki lenmi. Klima konfyans ki tabli pandan seyans yo, se baz nosyon yo aprann nan seyans yo e sa ede konprann pi byen sije yap diskite yo. Sa te yo gen anpil respe pou pwogram nan.

Pwogram nan reponn a yon bezwen

Pwogram

fowom sivik pa rete kanpe. Li

reponn a reyalyte ki sou teren an e li chits sou bezwen gwoup yo ak kominote yo pou chak moun an, patikilye.



Pwogram kou yo

Pwogram fowom sivik la divize konsa: . Prezantasyon kou yo (2 faz)

- Fowom elaji
- Ti fowom elaji
- Konferans sitwayen

PrezantaSYOD kou yo

Pwogram fowom sivik la divize an 2 faz. Yon faz prezantasyon ak diskisyon (8 kou) e yon faz ki ankouraje aksyon (6 kou) Yo pare yon gid fomasyon konple pou chak kou ki nan fowom sivilla e ki sevi pou komanse. Lis kou yo an apre a:

Premyefaz(8 kou)

- DWa ak devwa sitwayen yo
- Pouvwaekzekitif
- Pouvwa lejislatif

.Pouvwajidisye

. Pati politik

. Eleksyon

. Oganizasyon

. Desantralizasyon ak kolektivite teritoryal

Dezyem faz(6kou)

- Rapoant demokrasi ak plede
- Reviewyasyon kominote a
- Idantifikasyon kesyon ki gen priorite nan kominote a
- Planifikasyon yon aksyon nan kominote a
- Ki taktik pou yo chwazi e kijan pou yo sevi ak yo
- Devlopman teknik pou plede nan lalwa

Ian pwogram nan vanse depi 1997, pOll li reponn a bezwen kominote a pemet re nOllVO chanjman epi kreye:

Fowom elaji kote tout gwoupman yon menm komin ki te swiv fowom endividyel yo rankontre yon sel kote pou diskite sou sije ki gen rapo ak bezwen epi krent komin Dan. Se donk yon okazyon san pare y pou gwoup sa yo boukante tide yo, pou yo mete kanpe pwoje ansanm epi rankontre moun ki pase Dan eleksyon Dan lokalite a. Tout sa fet Dan yon espri tolerans.

Ti fowom elaji ki oganize anpil fwa anvan fowom elaji yo e ak menm estrikti yo. Li fet ak yon ti gwoup moun e yo envite selman dives gwoup yon menm seksyon kominal.

Konferans sitwayen ki se sitou rasanbleman moun ki nan kominote a oswa plizye oganizasyon ki enterese Dan fowom sivik la, envite lide kominote a ak ofisyel ki page nan eleksyon yo abode sije patikilye ki enterese moun ki Dan lokalite a.

Pwogram Dan genyen kom konsekans ogmantasyon kantite patisipan yo
Pwogram fowom sivik la ke plizye patisipan chanje fason yo vivo Yo re dezaksyon positif pOll zon kote yo ye a na travay tet ansanm ak AZEK ak KASEKyo.

Sa ki pi bel anko, se ke anpil aksyon tet ansanm baze sou prensip demokrasi komanse devlope andedan kominote sa yo.

. Nan Viale (Ti Goave) popilasyon an sispan chatre moun yo di ki vole. Gras a Pwogram fowom sivik lan, yo pran abidid mennen yo bay la polis pou ke lajistis ka jige yo.

. Nan Krepin (Marigo) gen yon gwoupman peyzan ki travay ansanm avek eli nan zon nan, monte yon pwoje ak konpayi kanadyen "Hydro Quebec" pouli rive bay limye nan kominote ya.

. Anvan eleksyon me 2000 yo, anpil oganizasyon te mande moderate yo pou rebran seyans fOstasyon ki te fet sou rot palman an ak sou pati politik yo, pOll yo teka byen chwazi pami kandida ki tap prezante YO.

. Pwogram fowom sivik la menDeD yon mouvman espontane volonte ki deside pataje konesans yo sou prensip demokratik, nan rere kou yo aprann nan NOI yo. Fenomen sa a pellet kontakte gwoupman ki pa suiv pwogram lan.

Se sak fe NDI kreye Dan mwa me 2000, Rezo Moderate Voionte nan Edikasyon Sivik (REVODEK) ki gen kom misyon fomalize mouvman sa a, ki prezan Dan kat komin jounenjodia. .

Se menm mesaj demokrasi a ke mouvman sa a va pousuiv, mem Ie NDI pap Dan peyi a anko.

Otan 1997 .. Prezantasyon pwogram non non Tigwav, Leyogann, Grangwav, akMiragwonn

Mas 1999 .. Prezantasyon pwogram non non Aken, Jakmel, Marigo, SenMakakGonayiv

Out 1999 .. Prezantasyon pwogram non non Grr!'Sye ak Kafou

*Solanj, yon ajan sante ki rete Dekouze, ki se yon bouk nan man andeyo Jakmel,
pataje regilyem(In kou pwogram fowom sivik la ak yon gwoup jen li fame.*

Enstiti Demokratik Nasyonal

, Pou zafit entenasyonan

6, Impasse Prospere, Rue Panamericaine

Musseau, Haiti

Tel: (509) 256-8616 / (509) 256-8617

Fax: (509) 256-8618 / (509) 510-9977

Http://www.ndi.org

'..c,c.cc.c""c"CC".cc""~",-."

____Potoprens, mwa mas 2001